# bu ñu doon jox nit ñi ci seen i wootewoo kon ay nit danañu wootewoo alali nit ñi ak seen dereet, waaye kiy wootewoo daa war a indi firnde, kiy weddi daa war a giñ.

Jële nañu ci Ibn Abbaas yal na leen Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: «bu ñu doon jox nit ñi ci seen i wootewoo kon ay nit danañu wootewoo alali nit ñi ak seen dereet, waaye kiy wootewoo daa war a indi firnde, kiy weddi daa war a giñ. ».
[Wér na]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc leeral na ne bu ñu doon jox nit ñi ngir seen i wootewoo dong ci lu dul benn firnde walla ay tegtal kon ay nit danañu wootewoo alali nit ñi ak seen dereet, waaye kiy wootewoo daa war a joxe aw lay ak firnde ci li muy sàkku, bu amul aw lay ñu gaaral wootewoo ji ki ñu tuumaal, bu ko weddee dafa war a giñ daal di cay set.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee